ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ХЕКІЫП

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№148 (21.556) ● 2009 гъэм шыщхьэІум (августым) и 5, бэрэжьей ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм я лэжьакІуэхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан Іэнатіэм химыбыдэ къулыкъуэхэр зыныгъэм ират лэжьапщІэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2007 гъэм шыщхьэІум и 8-м къыдигъэкІа Указ №55-УП-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм я лэжьакІуэхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан Іэнатіэм химыбыдэ къулыкъуэхэр зыныгъэм ират лэжьапщІэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2007 гъэм шыщхьэІум и 8-м къыдигъэкІа Указ №55-УП-м (гуэдзэн №21) мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

«Отделым, гупым, отделенэм я унафэщІым, аналитик пэрытым, эксперт пэрытым, инженер нэхъыщхьэм 4070» сатырым ящ ит ныдыщІыгъуэкІи мы къыкІэлъыкІуэ сатырыр:

«ЛІыкІуэ хэхам, лІыкІуэм, чэнджэщэгъу пэрытым 7140».

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 22-м
№105-УП

Унафэщі кадрхэм я резерв къызэгъэпэщынымрэ ахэр Іуэхум хэгъэхьэзырынымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж щыІэ комиссэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2008 гъэм щэкІуэгъуэм и 7-м къыдигъэкІа Указ №117-УП-мкІэ къыщтам мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Комиссэм хэгъэхьэн мы къыкІэлъыкІуэхэр:

Жамборэ В. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и кьалэнхэр зыгъэзэщІэр *(Комиссэм и унафэщІ)*;

Хьэгъэс З. А. - Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*;

б) Комиссэм кьыхэгъэкІыжын Къэжэр А. Хь., Сорокин В. И. сымэ;

в) Комиссэм хэтхэм ящыщу Къуэшырокъуэ З. Къ. и къулыкъым зэреджэ мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и УнафэщІым и япэ къудэзр».

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 27-м
№113-УП

КъБР-м и Правительствэм иджыблагъэ кьышта «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІалэгъуалэ (2009 - 2015 гъэхэм)» республикІэ программэ хэхар тещІыхьащ республикэм и щІалэгъуалэм зыхуэфащэ зэІэпэІэсэныгъэ кьахуэзэгъэпэщынымк хуэунэтІа къэрал политикэр зэгъэуІуэнымк.

- ФЕДЕРАЛЬНЭ щІалэгъуалэ программэ хэха зэкІэ кьащтакъым, абы кьыхэкІыу мы Іуэхум и льэныкьуэкІэ узыдэпльеин документ къэралым щыІэкъым. Араш республикэ программэр зэрыщІыту ди щІыналъэм щыІэ щытыкІэм тещІыхьауэ щыІэзэхальхар, - жиІащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ **Ярин Андрей** зэІущІэм и пэщІэдзэм.

Адэкіэ документыр кьыІэхъуэсахэм я пащхьэ кьрильхьащ КЪБР-м хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ, жылагъуэ зэгухэзнысыгъэхэм ядэлэжьхьнымрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр Пащты Борис. Абы кьыхигъэщащ республикэм исхэм я процент 31-р е цІыху мин 280-м нэблагъэр щІалэгъуалэм зэращыщыр. Абыхэм ягу кьинакъым совет лъэхъэнэм екІуэкІа ІуэхухэрикІи я дуней тетыкІэкІи я пльапІэкІи нэхъ щхьэхуитщ, иджырей коммуникацэ Іэнатіэхэм ха щІыкІ, Іуэхущіэхэм зрапщытыну хьэзырыц. Ауэ мы Іуэхум зы ныкъуэсанытъи хэлъщ. Ахэр нэхъ тыншу мыхьумыщІагъэхэм пхудегъэхьэхынущ, республикэм и жылагъуэ-политикэ, щэнхабзэ гъащІэр кьызыфІэмыІуэхуэхэр куэд мэхьу. Тхуэвэгъуэщ щІалэгъуалэм фадэмрэ наркотик-хэмрэ итхьэкъуахэри мыламщІэу зэрахэтщ.

Министрым и кьыхигъэщащ къэрал щІалэгъуалэ политикэр пхыгъэкІыным пыщІауэ кьалэн нэхъыщхьэу тІу гъэзэщІэн хуейуэ кьыІэрилытэр. Ахэр щІалэгъуалэ жылагъуэ псэукІэм кьыхэзыгъэкІ кьыхэзэнэкІынымрэщ.

Министрым и псальэм кьыщигъэлъэгъуащ программэр гъэзэщІэным пыщІауэ щІалэгъуалэ щэнхабзэ, егъэджэныгъэ, спорт зэрекІуэкІым. Абы зэрыжиІамкІэ, а Іуэхущіапіэм зыкьыхуэзыгъэза цІыху 1500-м ящыщу процент 38-м партыр дэІэпыкъуфащ, процент 55-м хэкІыпІэ пщы хьунур гурагъэІуащ. Сорокиным и псальэхэм тепщІыхьымэ, цІыхухэр нэхъыбэу а Іуэхущіапіэм йокІуалэ псэупІэ зэгъэгъуэтыным, ЖКХ-м и Іуэхутхьэбзэхэм я уасэр зэрыльапІэм, суд-гъэзэщІакІуэ систематэр тэмэму зэрымылажьэм хуэдэу Іуэхуэзмэкіэ.

- Зэлущім кьыщІэтащ партым и дежкІэ мыхьэнэщхуэ зиІэ нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэри. Ар иригъэкІуэкІащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым и япэ кьуэдзэ **Жаным Руслан.**

ШУРДЫМ Мадинэ.

● КъБР-м и Правительствэм

Щіалэгъуалэ центру 40-м щІигъу ящІыну я мурадщ

- ФЕДЕРАЛЬНЭ щІалэгъуалэ программэ хэха зэкІэ кьащтакъым, абы кьыхэкІыу мы Іуэхум и льэныкьуэкІэ узыдэпльеин документ къэралым щыІэкъым. Араш республикэ программэр зэрыщІыту ди щІыналъэм щыІэ щытыкІэм тещІыхьауэ щыІэзэхальхар, - жиІащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ **Ярин Андрей** зэІущІэм и пэщІэдзэм.

Адэкіэ документыр кьыІэхъуэсахэм я пащхьэ кьрильхьащ КЪБР-м хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ, жылагъуэ зэгухэзнысыгъэхэм ядэлэжьхьнымрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр Пащты Борис. Абы кьыхигъэщащ республикэм исхэм я процент 31-р е цІыху мин 280-м нэблагъэр щІалэгъуалэм зэращыщыр. Абыхэм ягу кьинакъым совет лъэхъэнэм екІуэкІа Іуэхухэр икІи я дуней тетыкІэкІи я пльапІэкІи нэхъ щхьэхуитщ, иджырей коммуникацэ Іэнатіэхэм ха щІыкІ, Іуэхущіэхэм зрапщытыну хьэзырыц. Ауэ мы Іуэхум зы ныкъуэсанытъи хэлъщ. Ахэр нэхъ тыншу мыхьумыщІагъэхэм пхудегъэхьэхынущ, республикэм и жылагъуэ-политикэ, щэнхабзэ гъащІэр кьызыфІэмыІуэхуэхэр куэд мэхьу. Тхуэвэгъуэщ щІалэгъуалэм фадэмрэ наркотик-хэмрэ итхьэкъуахэри мыламщІэу зэрахэтщ.

Министрым и кьыхигъэщащ къэрал щІалэгъуалэ политикэр пхыгъэкІыным пыщІауэ кьалэн нэхъыщхьэу тІу гъэзэщІэн хуейуэ кьыІэрилытэр. Ахэр щІалэгъуалэ жылагъуэ псэукІэм кьыхэзыгъэкІ кьыхэзэнэкІынымрэщ.

Министрым и псальэм кьыщигъэлъэгъуащ программэр гъэзэщІэным пыщІауэ щІалэгъуалэ щэнхабзэ, егъэджэныгъэ, спорт зэрекІуэкІым. Абы пащІэ цІыхухэр зэрыщІэкІ, а Іуэхущіапіэм зыкьыхуэзыгъэза цІыху 1500-м ящыщу процент 38-м партыр дэІэпыкъуфащ, процент 55-м хэкІыпІэ пщы хьунур гурагъэІуащ. Сорокиным и псальэхэм тепщІыхьымэ, цІыхухэр нэхъыбэу а Іуэхущіапіэм йокІуалэ псэупІэ зэгъэгъуэтыным, ЖКХ-м и Іуэхутхьэбзэхэм я уасэр зэрыльапІэм, суд-гъэзэщІакІуэ системэр тэмэму зэрымылажьэм хуэдэу Іуэхуэзмэкіэ.

- Зэлущім кьыщІэтащ партым и дежкІэ мыхьэнэщхуэ зиІэ нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэри. Ар иригъэкІуэкІащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым и япэ кьуэдзэ **Жаным Руслан.**

ШУРДЫМ Мадинэ.

КъБР-м и Правительствэм иджыблагъэ кьышта «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІалэгъуалэ (2009 - 2015 гъэхэм)» республикІэ программэ хэхар тещІыхьащ республикэм и щІалэгъуалэм зыхуэфащэ зэІэпэІэсэныгъэ кьахуэзэгъэпэщынымк хуэунэтІа къэрал политикэр зэгъэуІуэнымк.

Къаугъэ

Иракым икІыу Ираным ІэнэщІауэ кІуэну хэта США-м и щыхуиш къаубыдащ.

Вашингтон еуку эдий къэрал ГъунапкъэхэР зэпІэзыупщІыну хэтахэр туристу. А гупыр таксикІэ кІуащ къэрал ГъунапкъэмрэІ пэгъунэгъу Иран кьалэ щІыкІуэхэм ящІыщ зым. Абдежращ щаубыдаци.

Йорданым къэралщІыбІ Іуэхухэмкіэ и министрым епсэльа нэужь, США-м и къэрал секретарь Клинтон Хиллари жиІащ:

- Иджыри кьэс Ираным хьыбар кьыдигъэщІакъым ди щІыхуищ зэрэІыгъым теуХуауэ. США-м и Іуэхухэр Тегеран щызэфІэзэых Швейцарием делъэІуащ ахэр сыткІэ ягъэкъуанщэми кьыхутищІэну. Дэ дыхуейщ а Іуэхур нэхъ псынщІэу зэхэдгъэкІыну.

Дауи, гурыІуэгъуэщ ахэр сыткІэ ягъэкъуанщэми. Фіэщ щІыгъуейщ зауэ щекІуэкІ хамэ кьаралым (Америкэм щыщхэр яльагъу щымыхьум) а «туристхэр» Іуэхуншэу кІуаУэ.

Мамырыгъэкіэ зыгъэзугъэ

Дыгъуасэ Иордан псым и кхъухьэпІэ Іуфэм кьышыщІэзІуахащ палестинхэм я ФАТХ зэщІэхъеныгъэм и 6-нэ зэхуэсыр.

Зэрыкъуагъэфащэмкіэ, абы ФАТХ-м и унафэщІу щыхахьжынущ Махьмуд Аббас икІи Израилыр журт къэралыгъуэу кьыІэзрамылъытэр иджыри зэ кьыщагъэпэзгъэнущ.

Ар ФАТХ-м Палестинэм и щІыналъэм щригъэкІуэкІ ягъэзІущІэщ. Иужьрей, 5-нэ зэхуэсыр, Арафат Ясир Египетым щригъэкІуэкІат илъэс 20-кІэ узэлабэкьижмэ.

ЗэІущІэм кьрихьэлІа лІыкІуэ 2000-м яэтщ Палестинэм кьэкІуэну Израилым хуит ищІынкІэ гугъэапІэ лъэпкъ зимыІахэри. Иджырей зэхуэсым хэткъым лІыкІуэ 400. Ахэр арэзыкьым ФАТХ-м и тутнакъэщхэм ХАМАС зэщІэхъеныгъэм жыджэру хэтхэр зэрыщІыгъыкІэ.

МафІэсым зеубгъу

Франджым и ипщэ лъэныкъуэмкІэ щыІэ мэзхэр мафІэм зэщІищтащ.

Гъунэгъу щыІэ кьалэм щыпсэуэхэр, туристхэр икІэщІыпІэкІэ ягъэІэпхъуэ. МафІэсым зэщІиубыдар гектари 150-м щІегъу. Къэралым хуэзэфІэкІ кьигъанэрккъым мафІэр гъэунКІыфІыным теухуауэ.

◆ Илъэс 65-рэ ирикъуащ Ливанымрэ СССР-мрэ (1991 гъэ лъандэрэ Урысей Федерацэм) дипломат зэхущытыкІэ яІэ зэрыхъурэ.

◆ Щыщхьэ1ум и 5 - 7-хэм Женевэ (Швейцарие) щызэхэтынущ ООН-м и илъэс къэ иригъэкІуэкІ конференцым и зэхуэс. Ар теухуауэ щытынущ дунейм щынэхъ къуалёсыз цІыху зы мелардыр тхьэмыщІкІапІэм кьиша зэрыхьунум.

◆ Щыщхьэ1ум и 5 - 7-хэм Белгород щекІуэкІынущ «Иджырей кьалэ» зи фІэщІгъэщІэ 6-нэ еплъыныгъэ. Ар зэгъэзэщІэзэпэщ Урысей и щІыналъэхэм.

◆ Илъэси 165-рэ ирокъу урыс сурэтыщІ цІэрыІуэ Репин Илья къызэралъхурэ. 1930 гъэм дунейм ехьжащ.

◆ **Дыгъэр къыщІэкІащ сыхьэти 5-рэ дакьикъэ 58-м, къухьэжынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 26-м.**

◆ **Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 14-рэ дакьикъэ 28-рэ.**

Планэзэр зыгъэхьазырар **ГЪУЩІО Зарифи.**

Льэпкъ Іущыгъэ:

Адрыщім ущІэдэумэ, мыдрыщІыр къыплтъысынц.

● Бахъсэн куей

Унагъуэхэм къагъасэбэп псыІэрышэхэр

Бахъсэн куейм лэжьыгъэщхуэ щрагъэкІуэкІащ къуажэ кІуэцІхэм псыІэрыщэхэр щыутІыпщыным ехьэлІауэ.

МЫ щІыпІэм щыпсэу унагъуэхэр илъэс куэдкІэ гугъу иригъэхьащ я хадэхэм щІагъэльэдзэну псыр зэрахурикмыкъум. Апхуэдэ Іуэху щытыкІэр кьилытэри, Бахъсэн кьалэ администрацэм и Іэтащхьэ Быф Анатолэ унафэ ящІащ Бахъсэн кьалэмрэ мы куейм хиубыдэ жылагъуэхэмрэ щыІэ псыжапІэхэр зыхуэІ хуагъэзэжыну, языныкьуэ щыпІэхэм кІэнаущІэхэр щаухуэну. Абы трагъэкІуэда сом мин 500-р щыпІэ бюджетымрэ бюджетым хэмыт Іэнатіэхэрэ ягъэбагъэдэкІащ.

КІэнаущхэм зделэжьым псы хьуманІэхэри псыудзэхэри яухуащ, илъэс куэд льандэрэ кьагъэсебэп лъэмыжхэр зыхуей хуагъэзэжащ. Псом хуэмыдэу псы-мыгъэзэщхуэ иращІылІащ ягъэсеижа псыжапІэжьхэр щІэрыщІэу яухъэдижьным. Абыхэм дихьа тхъэнкІнйхэмрэ этІэмрэ кьыдагъэкъэбзыкІыжащ, нэхъ бгъуэри ящІащ. ЩыпІэ псоми зэхуэдэу зыхуей щыхуагъэза псыжапІэхэр яутІыпщІийуэ гектар мини 2-м щІигъу щыхасащ. Абы гъэзэуу тоин мини 7 къытрахыну мэгугъэ. Ар илъэс кІуам кърахьэлІэжам нэхърэ зы минкІэ нэхъыбэщ.

Мы щІыпІэр нэхъ уэгъуэу зэрыщытам емылъытауэ, гъашэ хьарэзыпэ кърахьэлІэ - хэгъуэм зэрыщІидзэрэ зы гектарым хуэзэу центнер 37 - 38-рэ къытрах. Губгъуэ лэжьигъэхэм иджыпсту комбайни 5 пэрытщ. Мы зэманым ирихьэлІэу гуэдзу гектар 1000-м нэс Іуахьыжьну хунэсащ, хьэуазэр зыгъэхьэзыр бригадэри мыбзэлэрыгъыу мэлажьэ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

● Хъыбар гуапэ

КъБР-м щыщ дохутыр 12-м къэрал дамыгъэхэр кърат

УФ-м и Президент Медведев Дмитрий къыдигъэкІа УказымкІэ орденхэмрэ медалхэмрэ яритащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ дохутыр 12-м. Куржы-осетин зауэм и лей зытеХьахэм щадэпэкьыж хахуагъэрэ зэфІэкІыныгъэр кьызэригъэльэгъуэм папщІэ гъэзэщІуэхэмкІэ медицинэм и Къэбэрдей-Балъкъэр центрым и унафэщІ Кьардэн Алим Щытхъу орденыр, а центрым щыщ зы дохутырмрэ Налшык къалэм медицинэ дЭпэпыкъунигъэ псынщІэмкІэ и станцым и зы дохутырмрэ «Эхэм и пащхьэщІэ фЫщІэм папщІэ» медалым и етІуанэ нагъыщэр, цІыхунбгъуэм «Щыхуэхэр ажалым кьызэригъэзам папщІэ» медалыр кьратащ.

ХЬЭПЭ Маринэ,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэм и лэжьакІуэ.

● Политикэ партхэм

ЯхуэзэфІэкІар къапщытэж

«Зыуэ щыт Урысей» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и Президиумым зэІущІэ зэригъэкІуэкІащ. Абы щыхэплъащ Іуэхугъуэбгъуэм.

ПАРТЫМ и Унафэщі Путин Владимир зи Іуэхур езыхьэлІэну хуейкъэ щхьэкІэ кьызэрагъэпэща Іуэхущіапіэм и унафэщІ **Сорокин Виктор** тепсэльыхьащ я лэжьигъэр зэрекІуэкІым. Абы зэрыжиІамкІэ, а Іуэхущіапіэм зыкьыхуэзыгъэза цІыху 1500-м ящыщу процент 38-м партыр дэІэпыкъуфащ, процент 55-м хэкІыпІэ пщы хьунур гурагъэІуащ. Сорокиным и псальэхэм тепщІыхьымэ, цІыхухэр нэхъыбэу а Іуэхущіапіэм йокІуалэ псэупІэ зэгъэгъуэтыным, ЖКХ-м и Іуэхутхьэбзэхэм я уасэр зэрыльапІэм, суд-гъэзэщІакІуэ системэр тэмэму зэрымылажьэм хуэдэу Іуэхуэзмэкіэ.

- Зэлущім кьыщІэтащ партым и дежкІэ мыхьэнэщхуэ зиІэ нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэри. Ар иригъэкІуэкІащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым и япэ кьуэдзэ **Жаным Руслан.**

ШУРДЫМ Мадинэ.

● Тхъытъыщіэхэр

Пэщіэдзэ классхэм кІуэхэм папщІэ

«Эльбрус» тхыль тедзапІэм иджыблагъэ къыщыдэкІащ ящІ классым кІуэ щыкІуэхэм папщІэ зэрыщыкъэ Гурыт. Ар и Гъдакъэщіэкіщ КЪБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и лэжьакІуэ Балэ Людмилэ. Гурытхэр «2007 - 2011 гъэхэм щыкъыбзэкІэ зэрырагъаджэ тхыльхэр щІэуэ зэхъуэжыным» республикэ программэм хэту ягъэхьазыращ.

ТХЫЛЬЫР сабийм и къэухьым зегъэужьыным, гугъу демыхьу тхэкІэ егъэсэным сыт и льэныкьуэкІи хуэщІауэ зэхэлъхьащ. ЦІыкІуэм кьалэмыр пэжу яІыгъыу, хьэрфхэр дахэу ятхыу егъэсэн папщІэ тхылым и япэ напэкІуэщІхэм кьыщыхьащ тхыпхъащІыпхъэ зэхуэмыдэхэр. Итхьа цІыкІуэхэм тету кьалэмыр зэрагъакІуэкІэрэ, абыхэм я Іэпэхэр нэхъ псынщІэу есэнущ тхэным. Апхуэдэу абы итщ пльыфэ зэхуэмыдэхэмкІэ ялэжьи хуей сурэтхэр. Кьыхэгъэщыпхъэщ тхыпхъащІыпхъэхэри, сурэтхэри мыхьэнэ пыухыкІа кьагъэльагъуэу, сабийр игъэгупсысэу кьызэрыхахар. КьищынэмыщІауэ, ахэр псори адыгагъэм, льэпкъ щэнхабзэм епхыжауэ щытщ. Апхуэдэ щыкІэжкІэ, сабийхэр кьызыхэкІа льэпкъым и тхьдэм щыгъуазэу кьэхъунымкІи тхылъым кьалэныщхуэ егъэзащІэ. Іэрытхым итщ кьуаджэхьэри сабий уэсэ щыкІуэхри.

Апхуэдэу «Эльбрус» тхыль тедзапІэм кьыщыдэкІащ 2-нэ, 3-нэ классхэм щеджэ щыкІуэхэр ящІэдэлъхубэ тхылым зэрелжьын тетрадхэр. Ахэр сэбэп хъунущ зэдзэ тхылъхэр нэхъ тыншу икІи нэхъ куууэ кьагурыІуэныжмкІэ, абы нэмыщІкІэ еджакІуэхэр езыр-езыру лажьэу есэнымкІи дЭпэпыкъэгъу хъунущ. 2-нэ классым папщІэ анэдэлъхубэм зэрелжьакІи тетрадыр и Исдъмей кьуажэм дэт курыт школ №1-м и егъэджакІуэ Кьаскъуэ Иринэ. 3-нэ классым и тетрадыр ягъэхьэзыращ Тэрч куейм хьихь Дей кьуажэм дэт курыт школым пэщІэдзэ классхэм щезыгъаджэ Токъу Сарэрэ Гуманитар къэухъумэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ институтым и аспирант Токъу Анджелерэ.

Мы кьыдэкІыгъэхэр щІэныгъэм кьинэуэ иджырей мардэхэм хуэкІуэу зэхэгъэуващ, КЪБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм кьищтащ.

ЩІХЬЭЩІЭМЫЩІ Иэ.

● Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и цІыхухэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ зэщІэхъеныгъэхэмрэ, политикэ партхэм я щІыналъэ къудамэхэм

ЗЭРЫЗЫХУАГЪАЗЭ

ЩыщхьэІум и 6-м Налшык Абхъазым и утым щекІуэкІыну «Къэбэрдей-Балъкъэрым мамырыгъэрэ зэгурыІуэныгъэрэ щыІэн папщІэ» республикэпсо абхъазуэ пэкІум фыхэтыну фыкьыхухододжэ. ПэкІум щыщІидзэнур сыхьэт 17-рэ.

Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ, ІэщкІэ ЗэщІэуэзда дзэхэмрэ хабзэхъумэ Іэнатіэхэмрэ я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Къэбэрдей-Балъкъэр республикІэ зэгухьэныгъэ.

Щіалэгъуалэм я Урысейпсо зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэ.

Тхылъыпхъэр тыгъэ хуащІ

АДЫГЕЙ. *Республикэм и правительствэм тхылъыпхъэр зэрыльхъэр тыгъэ яхуищІынущ сэ оджэхуэнІэм яІэ классым кІуэну щыкІуэхэм.*

АДЫГЕЙМ егъэдэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрым и кьуэдзэ Кабановэ Надеждэ зэрыжиІамкІэ, «Апэ тхылъыпхъэ» республикэ программэм ипкъ иткІэ, правительствэм и резерв фондым сом медуанищым щІигъу кьыхэкІащ. Абыкіэ кьащэхуащ апэ классым кІуэну сабийхэр зыхуеину псомкІи кьыІэгъэпэща тхылъыпхъэхэр. А Іуэху гуапэр ильэсипІ хьуауэ йокІуэкІ. Нэхъапэм абы и жэрдэмщІакІуэу щытар политикэ партхэрщ.

Хьэщіэр ягъэльапіэ

АБХЪАЗ. *ООН-м и щыкІуэ Вербеке Йохан иджыблагъэ ІущІащ республикэм и къэухьумэкІэ Іуэхуэмкіэ и министр Шамбэ Сергей. Ахэр тепсэльыхьащ щІыналъэм щыщІэ щытыкІэм, куржы-абхъаз зэпсэльныгъэхэм пыщІэжьным, ООН-м и кІэлъыплъакІуэхэр Абхъазым кьина зэрыкъуэну, иджырщІэхэм.*

ВЕРБЕКЕ Йохан республикэм и премьер-министр Анкваб Александр щыхуэзам жиІащ Абхъазыр и гум ІэфІу кьыхэзринар, щІыналъэм щыщІа илъэсхэр зэрыщымыгъэщІэжу, икІи мамыру псэу хъуи щхьэкІэ и кьарурэ зэфІэкІрэ зэрыхилъхьэнур.

Анкваб Александр хьэщІэм саугъэт льапІэхэр тыгъэ хуищІащ икІи жиІащ Вербеке Йохан абхъазхэм я льахэм щальагъуну, ирагъэІуэну зэрагуапэр.

Хабзэхэр къыдэпауд

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Карачаевск район судым и унафэкІэ Домбей жылагъуэм хабзэхэр къыдэпауд: иращыхьа псэуалъэхэр, сату щІыпІэхэр, хьэщІэщхэр ирахьажынущ.*

ХЬЭЩІЭРЫКЪУЕЙ Олег.

«2009 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм фэтэр куэду зэхэт унэхэр къыхьухэтыныжу щыIэзгъэнэщыжьын» мурад пыухыкIам тещIыхьа республикэ программэм и Iуэхугъэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм мажьуаэгъуэм и 29-м *№173-ПП*

«ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм реформэ щегъэжьагъэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

«2009 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм фэтэр куэду зэхэт унэхэр къыхьухэтыныжу щыIэзгъэнэщыжьын» мурад пыухыкIам тещIыхьа республикэ программэм мы унафэм щIыгъуу къэщIэн.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Финансхэмкlэ и министерствэм (Быышэн А.А.) хуэгъэувын «2009 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Iуэхугъэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр щыхалъхьакlэ, «2009 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм фэтэр куэду зэхэт унэхэр къыхьухэтыныжу щыIэзгъэнэщыжьын» мурад пыухыкIам тещIыхьа республикэ программэм хухахыну мылъкур кIыльытэну.

Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэльыплъыну и щIэ илъхьан Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Унафэщlым и къуэдзэ Уянаев К.Хь.-М.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl **ЯРИН Андрей**

«2009 - 2015 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зэрызыщаужьынур» республикэ программэ хэхам и Iуэхугъэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм мажьуаэгъуэм и 29-м *№176-ПП*

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

«2009 - 2015 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зэрызыщаужьынур» республикэ программэ хэхар мы Унафэм щIыгъуу къэщIэн (адэкIэ - Программэ).

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Экономикэ зыужьынымгъэмрэ сатумкIэ и министерствэмрэ Финансхэмкlэ и Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Финансхэмкlэ и министерствэмрэ (Быышэн А.А.) яхуэгъэувын кIыхьыкIуэ финанс гъэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым и проектыр щаубыхыкIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым и хъэжагъэ мылъку зыхухахыну республикэ программэ хэхаэм мы Программэр хагъэхьэну.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl **ЯРИН Андрей**

2009 - 2010 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Зыужьнагъэр хъумэныжмкIэ и министерствэм Коррупцэм щыпэщIэтынымкIэ программэр къэщтэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 23-м *№208-ПП*

«2008 - 2010 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм коррупцэм щыпэщIэтынымкIэ ирагъэкIуэ республикиэр» республикэ программэ хэхам и Iуэхугъэ» 2008 гъэм мэкъуаэгъуэм и 2-м кIэщта Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон №29-РЗ-р гъэзэщIэн мурадкIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. 2009 - 2010 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Зыужьнагъэр хъумэныжмкIэ и министерствэм Коррупцэм щыпэщIэтынымкIэ программэр мы унафэм щIыгъур къэщIэн.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Зыужьнагъэр хъумэныжмкIэ и министерствэм (Бицу В. Г.) хуэгъэувын 2009 - 2010 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Зыужьнагъэр хъумэныжмкIэ и министерствэм Коррупцэм щыпэщIэтынымкIэ программэм кIыщыгъэльэгъуэ Iуэхугъэ гъэзэщIэныр кIыхьэригъэпэщыну.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщlым и кIалэнхэр зыгъэзащI **ТХЬЭЗЭПЛЪЫЖ Мурат**

Къэхъундэсхэр электричкэм кIыкIэрыхунукъым

- Нарткъалэрэ Къэхъун Ищхьэрэрэ я кум дэтыр «Газель» автомашинитI къудейщ. Сыхьэтри 6-рэ дакIыкIэ 30-м Нарткъалэ и вокзалым щытекIыу Налшык кIуэ электричкэр дыкIыкIэрымыхун щхьэкIэ, а гъуэгум иджыри машинэ зыбжанэ тевгъуэнрэ зыныво лъэIу.

БЖЭМБАХЪУ Э З.
Къэхъун куэдж.

Жэуап кърет Аруан муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Къанокъуэ Антемыркъан.**

- Дыкlуэри щытыкIэм зыхэзгъэгъуэзащI. Пэж пылъу, «Нарткъалэ АТП-2» МУП-м и автоб ус цыкIуитIыр а Iуэхутхьебзэм пэлъэщIэркъым. «Докшукино» гъущI гъуэгу станцым электричкэр кьыщекIуалIэм цIыхухэр и чэзум иритхьэлIэн папщIэ, пщэдджыжьым сыкъэтIэ, пщыхьщхьэм сыхьэт 18-рэ дакьикъ 50-м кьежьэу аргуэру машинитI гъуэгум тедгъэуващ.

Джэгупlэ яухуэ

- Налшык Урысейм и кьалэ нэхъ дахэ дыдэхэм ящыщщ. Мэлбахьуэм и цIэкIэ щыIэ уэрамым тет 34-нэ «б» унэм щыпсэу си сыщхьэщIэ. Унэм сабий куэд щIэсщ, ауэ джэгупIэ тэмэм яIэкым. Абыхэм

балигъхэм я гульытэ яхуэмыфащэу пIэрэ?

ЕСЬКОВЭ И.
Мэзкуу кьалэ.

Жэуап кърет Налшык кьалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Хьэгъэс Залымджэрий.**

- Мэлбахьуэм и щIэкIэ щыIэ уэрамым тет 34-нэ «б» унэм и пщIантIэм щыIэ сабий дкэгупIэр зыхуей хуагъэзащ.

Лифтхэр зэрахъуэкI

- Щоджэнщыкlым и щIэкIэ щыIэ уэрамым тет 42-нэ унэм лифтхэр щылажьэркъым. ЖЭК-м кьыхэрыщыджаIамкIэ, абы и Iэмэпсымэхэр жьы хъуащи, Ростов къикIыну комиссэр емыплъауэ ирагъэжьажьыкIащ.

ЖЫЛЭМ.
Налшык кьалэ.

Жэуап кърет Налшык кьалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Хьэгъэс Залымджэрий.**

- Кьыхэзрагъэсэбэпыпхъэ ильэс 25 пIалъэр зэрикIам, шынагъуэ зэрыпылъым кьыхэкIыу, апхуэдэу судым ищIа унафэм те ту, Къэрал техникэ кIэльыплъыныгъэмкIэ Iу эхущIапIэм кьыхэригъэувам ипкъ хьэIум и 15-20-хэм, лэжьыгъэ псори зэфIагъэкIыну и мурадщ «Шэрджэс-I» ООО-м.

Къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ ШэрыгIужь Хъусейн зэрыжиIэмкIэ, лэжьыгъэхэр нэхъыбэу къезыхьэдIар къуажэдэс ухуакIуэхэрщ. Къарахэжьа Iуэхум и фIыгъэкIэ, лэжьапIэнщэ куэдым пIалъэкIэ Iэнатlэ ягъуэтащ.

Зэрэгъэшь дэт школ-сабий садыр зыхуей хуэгъэзэным хухахащ сом мелуани 9. Дызыхуэхуэ ильэсхэм а къуажэм щауэхуэнущ Щэнхабзэмкlэ унэ, амбулаторэ, къуажэ администрацэм и унэ, библиотеки хэту. Абыхэм республикэ бюджетым къыхэкIыу сом мелуан 45-рэ текIуэдэнущ. Сом мелуан 30-м пэкIуэ лэжьыгъэр зэфIагъэкIын хуейщ 2010 гъэм къриубыдэу.

ЛЪОСТЭН Муэз.

• Шэрэдж куей

Сабийхэм хуагъэхьэзыр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Кьанокъуэ Арсен Щэрэдж куейр 2006 гъэм къыщыдзэхиKIухьам Зарагъыж Къуажэм щыпсэухэм лъэIуKIэ зегьэкIуагъэзат курыт еджапIэр зэрэщыжьыныжмкIэ, сабий сад хуэныжмкIэ ядэIэпыкъуну.

РЕСПУБЛИКЭМ и унафэщIым ахэр иритэщIэхъуакъым икIи а зэманым щIадзауэ щытащ школ-сабий сад Iуэхуэщ1апIэр зэгъэпэщыжьын. Илъэсищым кьриубыдэу лэжьыгъэхэр зэпыуакъым. Мы гъэ еджэгъуэщIэм ирихьэлIэу, щыщхьэIум и 15-20-хэм, лэжьыгъэ псори зэфIагъэкIыну и мурадщ «Шэрджэс-I» ООО-м.

Къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ ШэрыгIужь Хъусейн зэрыжиIэмкIэ, лэжьыгъэхэр нэхъыбэу къезыхьэдIар къуажэдэс ухуакIуэхэрщ. Къарахэжьа Iуэхум и фIыгъэкIэ, лэжьапIэнщэ куэдым пIалъэкIэ Iэнатlэ ягъуэтащ.

Зэрэгъэшь дэт школ-сабий садыр зыхуей хуэгъэзэным хухахащ сом мелуани 9. Дызыхуэхуэ ильэсхэм а къуажэм щауэхуэнущ Щэнхабзэмкlэ унэ, амбулаторэ, къуажэ администрацэм и унэ, библиотеки хэту. Абыхэм республикэ бюджетым къыхэкIыу сом мелуан 30-м пэкIуэ лэжьыгъэр зэфIагъэкIын хуейщ 2010 гъэм къриубыдэу.

ЛЪОСТЭН Муэз.

• ХуэIухуэщIэ

Псы щыщIэнцкъым

Налшыкр абы и гъуэгуу Кэнжэ, Вольиу Аул, Iэдиу, Хьэсэней жылагъуэхэмрэ бжьыхь-щIымахуэ зэманым псыкIэ къызгъэпэщыным теухуауэ лъжьыгъэшхуэ ирегъэкIуэкI «Управляющая компания водоканала» МУП IуэхущIапIэм.

МыБЫ ухуэныгъэмкIэ и къуэдамэ и лъжьакIуэхэм Циолковскэм и цIэр зезыхъэ, е 3-нэ линие уэрамхэм щыпсэуэхэм псымкIэ гукъуэу ямыIэн хуэдэу псори зэтрагъэпсыхьащ. Зы километррэ метр 300-рэ зи кIыхьагъ бжьамийр унагъуэхэм пщIэншэу хущIащащ. МУП-м псыкIэ щIыхуэкIэр къызэгъэпэщынымкIэ и гупым жьы хьуа бжьамийхэр щызэрихъуэжIащ Кировым, Яхэгуаузм, Нэхущым, Кьалмыкым, Горькэм, Адыгейм я щIэхэр зезыхъэ уэрамхэм.

Сабий садхэмрэ школхэмрэ щекIуэкI лъжьыгъэхэр щыщхьэIум и 20-25 махуэхэм зэфIагъэкIыну я мурадщ, ауэ адрей лъжьыгъэхэр бжьыхьэкIэ хъуэ екIуэкIынущ.

Мы лъжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIыр жэщырщ, щIыхумрэ транспортымрэ зэран яхуэмыхъун папщIэ. А Iуэхуэхэр фIыуэ, кьытегъэзэж кIыхэмыкIын хуэдэу зэрызэфIагъэкIыным и нэIэ тетщ Iуэхущ1апIэм и унафэщI Соблир Андемыркъан.

БЕКЪАЛДЫ Анатолэ.

КъБР-м Промышленностымкlэ, гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексымрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм и коллегием и зэIущIэ иджыблагъэ зэхэтащ.

АБЫ ЩЫЗЭКАЛЪХЬЭЖАЩ илъэс ныкъуэм зэфIагъэкIаxэр, апхуэдэу етIуанэ мазихым къапэщытхэр щыуфэзыхуащ.

Министр **Абрэдж Iэдиб** къыхэригъэлъэгъуакIэ, зи гугъу тщIы зэманым кьриубыдэу промышленнэ Iуэхущ1апIэхэм сом меларди 2-рэ мелуан 569,9-рэ и уасэ продукцэ къыщIагъэкIащ. Ар зрагъэхъуIэну зытраухуам процентыр 2,4-кIэ щегъу. Къапэщытэ къалэнхэм ыхьрэзынэу пэлъэщащ, я финанс щытыкIэхэр ирагъэфIэкIуащ «Кавказкабель» кабель завод», «Кавказкабель - ТМ» ЗАО-хэм, «Тэрч налмэс», «Телемеханика», «Автозапчасть» Бахьсэн завод» ОАО-хэм. Абы къыдэкIуэу, «Налшык машинэуэу»э, «Прохладнэ полупроводник Iэмэпсымэ завод», «Налшык вольт льагэ Iэмэпсымэ завод» ОАО-хэм я зэфIэкIкIэм кIэрагъэхуащ. Гъущ цIуугъэнэхэм елэжь предприятэхэм сом мелуан 693,4-рэ и уасэ продукцэ я гъэхьэзыращ. Абыкlэ сэбэп хуэщ1 «Налкат» ООО-р зэпIэзэрыту эрылажьэр, ауэ «Гидрометаллург» ОАО-р кьыпэщытам сом мелуани 180-м щIигъу и уасэкIэ пэльэщакъым.

Промышленность псынщIэмрэ пхъэм елэжь промышленностымрэ я Iэнатlэхэм продукцэ дIэужьыгъу 30-м щIигъу кьыщIагъэкI. Я кьалэнхэм хьарзынэу польэщ «Дэрбэзр фабрикэ», «Прохладнэ унэльащIэ фабрикэ» ОАО-хэр, «Эрпак» ЗАО-р, «Комтекс», «Налшык»т вакьэ фабрикэ» ООО-хэр. Я продукцэм кьыщIэупщIэхэм зэрыкIэрыхуам кьыхэкIыну «Горянкэ», «Нарбек», «Кьэбэлькъщыгъынь» ОАО-хэм кьапэщытахэр сом мелуан 20,1-рэ и уасэкIэ яхуэгъэзэщIакъым.

- Финанс-экономикэ кризисыр ди промышленнэ предприятэхэм я кьатохьэлъэ. Псом хуэмыдэу ар зыхэщIэ Урысейм и компание инхэм ядэлажьэхэм. Кьапщтэмэ, «Автозапчасть» Бахьсэн завод», «Налшык машинэуэу», «Налшык вольт льагэ Iэмэпсымэ завод», «Лениным и орденыр зезыхьэ «Прохладнэ» ремонт-механикэ завод», «Тэрч налмэс» ОАО-хэм я продукцэхэр хьумапIэхэм щызэтрекъэ, ахэр къэзыгъэсэбэп Урысейм и Iуэхущ1апIэ инхэр уасэхэр щехьным пылъэ. Промышленнэ предприятэ щхьэхуэхэм я инвестицэ проектхэр гъэзэщIэнщ къызэтрагъэувыIащ.

КъБР-м и Правительствэм и унафэкIэ финансымрэ экономикэмрэ я Iэнатlэхэм я щытыкIэм кIэльыплъыну штаб нэгъабэ и щэкIуэгъуэ маазэм кьызэрагъэпэщащ, зэфIагъэкIыну Iуэхугъуэхэр яубзыхуащ. Абы тету долажьэ, - кьыхигъэщащ министрым.

Абрэдж Iэдиб хэхауэ кьытеувыIащ республикэм и Iуэхущ1апIэхэр дунейпсо финанс кризисым щыхьумэным хуэуэнэтIауэ зэфIагъэкIхэм, социальнэ мыхьэнэ зиIэу я къэрал дэпэкьуныгъэ хуэныкьуэ Iэнатlэхэм, кьапщтэмэ, «Тэрч налмэс», «Автозапчасть» Бахьсэн завод», «Гидрометаллург», «Налшык машинэуэу завод» ОАО-хэм, «Кавказкабель» кабель завод» ЗАО-м я тхылъэр УФ-м щIыналъэ зыуужьныгъэхэмкIэ и министерствэм зэрыуагъэ хьам, «Урысейм и технологиехэр» Къэрал корпорацэм хагъэхьа «Телеме ханика», «Налшык полупроводник Iэмэпсымэ завод» ОАО-хэм зэрызыщIагъэкьуэну щIыкIэм, ягъэзэщIэну инвестицэ проектхэрэ етIуанэ мазихым кьапэщытхэмрэ.

Иужькlэ министрым зэпкьрихащ гъэсыныпхъэ-энергетикэ комплексым и лъжьыгъэр зыхуэдэр. Абы къызэригъэлъэгъуакIэ, ди республикэм кьыщыгъэсэбэп тек кIапсэу километр 11900-рэ, трансформатор подстанц зэмылIэужьыгъуэу 3000-м щIигъу. Псори зэхэтыр мазихым ди республикэм къриубыдэ кВт - сыхьэт мелуан 703,5-рэ. Абы щыщу кВт - сыхьэт мелуани 149,8-р ди гидроэлектростанцэхэм кьалэжьыжащ. Станц псори «Рус-Гидро» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм хохьэ, хуабэ кьэзыгъэзэщIэ «Гидрометаллург» ОАО-мрэ (Нарткъалэ) егъэбыдыIащ. Республикэм и энергетикэ комплексым и зыужьныныгъэр «2008 - 2012 гъэхэм ятещIыхьа Урысей Федерацэм кьыщрахьэлIащ хьэмэ гуэдзми тонн мелуани 110-рэ хуэдиз. Ар кьэзыгъэкIаxэм я къиныкIуэ кьэралым хамэ щынальхэм кьыщищэхуащ гъавэу тонн мелуан 30. Кьыщищэхуар сыт, дыдейхэм кьагъэкIар кьыгьанэу? Зэман гуэрым, ВТО-м хьыкьэн щхьэкIэ, Ельциным тхылъымпIэм Iэ трагъэзадзауэ щытащ илъэс кьэсыхункIэ хьэми гуэдзми зы бжьыгъэ пыухыкIа гуэр кэтущхэуэ хуейуэ. Нобэр кьыздэсым а дунейпсо сату организацэм и бжэр дэркIэ зэхуэщIащ, документми кьаугъ иIэщ. Куэд щIакъым Путиным а Iуэхум и гугъу зэрищIрэ. Абы зэрыжиIамкIэ, дяпэкIэ хамэ кьэралхэм хьэпэщэу кьрашыр ягъэмэщIэнущ, ди щыхуэм кьалэжьар кьащэхун папщIэ. Апхуэдэу ящIмэ, Iущ1 лъэхъуми зиужьыныщ, сыту жьыпIэмэ, гьавэр былымым ирагъэшхын Iусыпхъэщ нэхъыбэу къызэрагъэсэбэпынур.

Епсэлъар **МЫЗАхьмэдщ.**

• Уухуэныгъэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхэр Налшык и теплъэр зыгъэдахэхэм ящыщщ иужьрей ильэсхэм абы кьыдэхьуэ уухуэныгъэщIэхэр. Дэтхэнэми архитектурэ т теплъэ дахэ иIэщи, псоми кьахэщу, гум кьинэу апхуэдэщ. Абыхэм ящыщщ Щэджэнщыкlым и цIэкIэ щыIэ уэрамым щаухуэ Театрэм я уардэ унэр. Мы зэманым абы щIэгъэхуэбжьауэ лэжьыгъэхэр щокIуэкI. Ар ухуэныгъэм и иджырей мардэхэм тету щIэ.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

«2009 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм фэтэр куэду зэхэт унэхэр къыхьухэтыныжу щыIэзгъэнэщыжьын» мурад пыухыкIам тещIыхьа республикэ программэм и Iуэхугъэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм мажьуаэгъуэм и 29-м *№173-ПП*

«ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм реформэ щегъэжьагъэ» Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

«2009 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм фэтэр куэду зэхэт унэхэр къыхьухэтыныжу щыIэзгъэнэщыжьын» мурад пыухыкIам тещIыхьа республикэ программэм хухахыну мылъкур кIыльытэну.

Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэльыплъыну и щIэ илъхьан Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Унафэщlым и къуэдзэ Уянаев К.Хь.-М.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl **ЯРИН Андрей**

«2009 - 2015 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зэрызыщаужьынур» республикэ программэ хэхам и Iуэхугъэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм мажьуаэгъуэм и 29-м *№176-ПП*

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

«2009 - 2015 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зэрызыщаужьынур» республикэ программэ хэхар мы Унафэм щIыгъуу къэщIэн (адэкIэ - Программэ).

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Экономикэ зыужьынымгъэмрэ сатумкIэ и министерствэмрэ Финансхэмкlэ и Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Финансхэмкlэ и министерствэмрэ (Быышэн А.А.) яхуэгъэувын кIыхьыкIуэ финанс гъэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым и проектыр щаубыхыкIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым и хъэжагъэ мылъку зыхухахыну республикэ программэ хэхаэм мы Программэр хагъэхьэну.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl **ЯРИН Андрей**

2009 - 2010 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Зыужьнагъэр хъумэныжмкIэ и министерствэм Коррупцэм щыпэщIэтынымкIэ программэр къэщтэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 23-м *№208-ПП*

«2008 - 2010 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм коррупцэм щыпэщIэтынымкIэ ирагъэкIуэ республикиэр» республикэ программэ хэхам и Iуэхугъэ» 2008 гъэм мэкъуаэгъуэм и 2-м кIэщта Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон №29-РЗ-р гъэзэщIэн мурадкIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. 2009 - 2010 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Зыужьнагъэр хъумэныжмкIэ и министерствэм Коррупцэм щыпэщIэтынымкIэ программэр мы унафэм щIыгъур къэщIэн.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Зыужьнагъэр хъумэныжмкIэ и министерствэм (Бицу В. Г.) хуэгъэувын 2009 - 2010 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Зыужьнагъэр хъумэныжмкIэ и министерствэм Коррупцэм щыпэщIэтынымкIэ программэм кIыщыгъэльэгъуэ Iуэхугъэ гъэзэщIэныр кIыхьэригъэпэщыну.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщlым и кIалэнхэр зыгъэзащI **ТХЬЭЗЭПЛЪЫЖ Мурат**

И чэзу хъуащ

•Ди псэпъэгъуэхэр

***Къаръмэс Цэрай ди республикэм фIыуэ кьыщыIыхуэ еджагъэшхуэщ. Псом хуэмыдэу Iэщ, шы гъэхъуным пыщIахэр щыгъуазэщ абы зэфIэкIышхуэ зэрыбгъэдэлым. Ар илъэс 20-м щIигъукIэ быным льэпкъыфI щагъэхъу Къэбэрдей-Балькъэр племобединенэм и унафэщIу лэжьащ. А лъэхъэнрэ Цэрай дэ, щыгъэтхэм, нэхъыфIу кьыщыгъуаридж. Къаръмэсыр щIэмыуэу кIуэрт колхозхэм, совхозхэм, Iэщ гъэхъуныр егъэфIкIуэным теухуа чэнджэщ щхьэжкIэ и Iэнатlэр зи щIэрыльхэм ядэгъашэрт. ЩIэхъщIэхъуэ я яхьхьэрт гъэмахуэ хъунIэхэм щылажьэ щыхуэхэм. Гъуэгуанэ техьэн и пэ «Адыгэ псалъэм» и лэжьакIуэ КIэрэф Хьэсэнбий, сэри, агропромышленнэ комплексым тетхьыхь адрей журналистхэми хьыбар кьыдигъащIэрт «фыныкIуэнгу жиIуу. Куэд щIакъым мэкъумэш Iэнатlэр егъэфIкIуэным теухуауэ зэфIилъэжIа Iуэхугъуэхэм папщIэ Тимирзевым и медалыр абы къызэрыхуагъэфащэр. Мы гъэм ахуэдэ дамыгъэ зратауэ ди къэралым исыр Къаръмэсым и закъуэщ.*

Иджыблагъэ дыдэущIащ а еджагъэшхуэм икIи мэкъумэш Iэнатlэр нобэ зэрыт щытыкIэм, абы и къэкIуэнур къызэрыщыхъуэ тедгъэпсэлъыхьащ.

- Цэрай, мазэ зытIу и пэкIэ Мэзкуу щекIуэкIа дунейпсо конгрессым, мэкъумэш Iэнатlэм пыщIа еджагъэшхуэхэр зыхэтам, уэри урагъэблэгъащ. Ди гуапэ хьунт абы и гугъу къыгъэущIыжамэ.

- А зэIущIэщхэм кьрихьэлIащ Европэм, Азием, Латин Америкэм, Африкэм щыщ Iущ1агъэлIхэр - псори зэхэту кьэралыкIэ 47-м я лIыкIуэхэр. Абы и лэжьыгъэм сыхэтащ икIи сыкьыщыпсэльащ. Си докладыр теухуауэ щытащ дунейпсо кризисым и лъэхъэнэм ди кьэралым и мэкъумэш Iэнатlэр тэмэму кьыхэкIын, ди цIыхум щыпы кьытрах, Iэщым кьыптах хьэрымкIэ дыпсэужьыфу дыхьэн папщIэ щыIэ Iэмалхэм. А зэIущIэм кьрихьэлIат УФ-м и Правительствэм щыщ кьулыкьыщIэщхуэхэри, Къэрал Думэм и депутатхэри. Абы щыжьаIа псом и гугъу ещIы-жьыкIым, ауэ мыпхуэдэ Iуэху епIыкIэ къыщыпхъэлъхьащ: Iэмал имыIэу нэхъыбэу защIэхъуэнур хуейщ мэкъумэш Iэнатlэм щыдажьэхэм. Гъавэ къэзыгъэкIым, Iэщ зыгъэхъуэм и Iуэхущ1афэм тригъэкIуадэм пэкIэуэ ику иту ди къэралым щратыр процентищ кьудейщ. Ар хъэдэгъуэдахэщ. Девгъэплъыт адрей къэралхэм абы и лъэныкъуэкIэ Iуэхур зэрыщытым. США-м я бжьыгъэ процент 28-рэ щохьу, Европсоюзым - 33-рэ, Китайм - 30, Японием - 52-рэ, Голландием - 60. Мис а къэралхэм ещхьу ди аграрнэ Iэнатlэм гульытэ хуэтщIу щытамэ, хамэ щIыпIэ Iэхэм ащхуэдэ ерыскъыпхъэ кьитпынтэжьым.

- Зи гугъу щIа Iуэхугъуэм уэ куэд щIауэ утопсэлъыхь. Кьымыдэкlэ, ди эзманым зи бжьыгъэ куэд хьуа фермерхэм я лэжьыгъэр нэхъыфIхъуэ, я Iэнатlэм хьер нэхъыбэ кьыпахьын папщIэ ящIэн хуейкъэм уэрегупсысым дыщыIуэхэщ.

- КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и министр Ерчэн Темболэт и чэнджэщкIэ, а Iуэхухэм ятеухуауэ тхылъ згъэхъэзырри кьыдэгъэкIащ. Рецензэ хуэзытхари Ерэнырщ. А тхылъыр фермерхэм, мэкъумэш Iэнатlэм елэжьхэм ираташ. Темболэт экономикэ щIэныгъэхэм я докторщ, агропромышленнэ Iэнатlэм и пщэдей щIэныгъуэ зыхуэдэнур фIыуэ кьызыгурыIуэ щIыхущ. Девгъэплъыт ди мэкъумэш Iэнатlэр илъэс зыщыплI ипэкIэ зыхуэдам. Къэралым щIыналъэ 80-м щIигъу щыIэщи, дэ иужь дыдэ итхэм дащIыщу щытащ. Ди Президентыр зэрыувэрэ, Правительствэщ1э кьыхэзрытхуэкIэрэ а Iэнатlэм зиужьыжу зэрыхуэжьар хэт и дежкIи зэрыльагъущ. Ауэ Къэбэрдей-Балькъэрри зэрыкъэралуи кьащтэ, мэкъумэшыр нобэ зэрыт щытыкIэм зегьэхъуэжьын хуей жьыпIэм, ар Iэмал зимыIэщ. Ерыскъыпхъэр лъапIэщ, лы килограммыми и уасэр сом 200-м щегъу. Ар пенсионерхэм, зи улахуэр щIыкIэхэм кьахуэщхуэрыкъым. Мэзкуу щекIуэкIа конгрессми щыхьысIащ ар - Iэмал имыIэу къэралым зригъэхъуэжьын хуейр тарифполитикэм.

КьыщынэмыщIауэ, мыпхуэдэ Iуэхугъуи кьыщыхэслъхьащ а зэIущIэшхуэм. Ди къэралым щоп пенсионерэ, кьрат ахьшэр мащIэ дыдэу мелуан 13. Абыхэм ерыскъыпхъэ талон иратамэ тезмэмт, мазэ кьэсыхункIэ я пенсэм сом 1000 - 1200-рэ хущIагъуэ. Апхуэдэу ящIмэ, къэралым гурэ псэкIэ Iуэлэжьа ди нэхъыжьхъэм я Iуэхури нэхъ зэтес хьунут, мэкъумэш Iэнатlэхэм я Iуэхури нэхъ дэкIынут. А таблонымкIэ пенсэм щыхэсэм лы, нэгъуэщI ерыскъыпхъэхэр кьудэ кьащэхунут.

- Цэрай, нэхъапэм диIа мэкъумэш предприятэ пIащхэм ящыщу нобэ кьэнэжар закъуэтIакъэщ. Иджы къуажэщIыр щIыкIу-щIыкIуу зэшуадащ, бдэжьыгъуащэу зэрахъэ хэтн зы гектар, хэтн 5 - 10, е 50. Апхуэдэу зэрыкъуар нэхъыфIхьэмэрэ нэхъыкI?

